

Gouvènè Delaware John Carney

Gouvènè Carney Fèmen Lekòl Delaware Jiska 15 Me

WILMINGTON, Del. --Gouvènè John Carney nan Lendi te òdone pou tout lekòl nan eta Delaware rete fèmen jiska omwen Vandredi 15 Me pou konbat pwopagasyon kowonavirus (COVID-19)

[Li yon lèt](#) Gouvènè Carney te voye nan Lendi swa bay fanmi, edikatè, ak lidè lekòl yo.

"Nan dat 13 Mas, apre yon diskisyon enpòtan ak direktè ak lidè lekòl a chat, mwen te òdone lekòl piblik pou fèmen jiska Vandredi sa a k ap 27 Mas," **Gouvènè Carney** te deklare. "Peryòd de (2) semèn sa a te gen objektif pou ede lidè lekòl yo ak edikatè yo pou yo planifye sou pwochen etap yo.

"Nou sot pase yon pati konsiderab nan semèn pase a ap diskite plan pou edikasyon adistans, pou livrezon manje, ak lòt sèvis sosyal. Sa se yon moman inabityèl - men timoun yo toujou merite aksè ak edikasyon kalite, epi fanmi yo depann de sèvis sosyal nou ofri nan lekòl nou yo chak jou. N ap kontinye travay dirèkteman ak lidè lekòl yo sou kesyon enpòtan sa yo."

Gouvènè Carney te anonse tou sa ki pral swiv la a:

- Eta Delaware gen entansyon rekòmande fòmèlman pou pyès distri lekòl oubyen lekòl a chat pa pwolonje kalandriye eskolè a pa pi lwen pase fen mwa Jen. Doktè Susan Bunting, Sekretè Depatman Edikasyon nan Delaware (Delaware Department of Education), pral fòmèlman fè rekòmandasyon sa a bay Konsèy Edikasyon Eta a (State Board of Education), apre soumisyon bay chak distri ak chat.
- Eta Delaware te prezante yon ekzonerasyon bay Ministè Edikasyon Etazini (U.S. Department of Education) pou mande Delaware pa oblije pran tès eta a ane sa a pou ka konsantre sou efò nou sou edikasyon etidyan nou yo.

[Klike isit la](#) pou yon lis lokal pou manje lekòl.

[Klike isit la](#) lis aktivite edikasyon adistans ak lòt resous nan men Depatman Edikasyon Delaware.

Moun Delaware ki gen kesyon jeneral sou COVID-19, oubyen danje ekspozisyon yo ka rele Sant Apèl Kowonavirus nan Divizyon Sante Piblik (Division of Public Health) nan 1-866-408-1899, oubyen 711 pou endividi ki gen difikilte pou tande, soti nan 8:30 a.m. rive nan 8 p.m. Lendi jiska Vandredi, epi de 10 a.m. a 4 p.m. nan Samdi ak Dimanch. Yo ka voye kesyon tou sou email sa a DPHCall@delaware.gov.

DPH ap kontinye mete piblik la ajou pandan plis enfòmasyon ap vini disponib. Pou dènye enfòmasyon sou repons Delaware, ale nan de.gov/coronavirus.

###